Республикалық Балалар китапханасы
Хабарлаў-библиография ҳәм үлкетаныў бөлими

# «Халқымыздың уллы тулғасы»

## 9-апрель Әмир Темур туўылғанына 685 жыллығына методика-библиографиялық қолланба

## (1336-1405)



Нөкис 2021-ж

Ҳүрметли пайдаланыўшылар!

Қолыңыздағы бул библиографиялық қолланба бабамыз саҳыпқыран Әмир Темурдың 685 жыллығына арнап таярланды.

Қолланбада Әмир Темурдың өмири ҳәм әскерий хызметлери ҳаққында мағлыўматлар берилген.

Бул қолланба билимлендириў мекемелеринде, мектеп китапханаларында бабамыз Әмир Темурдың туўылған күнлерине бағышланып өткерилетуғын әдебий кешелерде ҳәм дөңгелек стол әтирапында сәўбетлесиўлерде қоллансаңыз болады.

Республикалық Балалар китапханасы Кеңес ағзаларының 2021-жылы 5-апрельдеги 8-санлы баяны менен тастыйықланды.

Аты әлемге белгили, дүньяның ең уллы инсанларының бири, үлкен талант ийеси, данышпан басшы, шын патриот Әмир Темурдың туўылған күнин белгилеў ҳәммени жанландырып, руўхландырып қоймастан ҳәрбир зыялы ушын мәдет ҳәм қуўат болып, өзлигиниң тамырларын излеўге ҳәм оның менен мақтаныўға мүмкиншилик туўдырып берди. Бизиң сондай күшли, құдиретли данышпан бабамыздың болыўы, оның атын, руўхын пүткил дүнья ҳүрметлеўи, оған арнап ескерткишлер орнатып, опералар, драмалар, романлар дөретип узақ шет еллердеги зыялылар оны үйренип илҳам алып атыр.

Ғәрезсизлигимиз шарапаты менен өзлигимизди таныў ҳәм билиў мүмкиншилигимиздиң пайда болған дәўиринде, бизиң қайтадан бой тиклеп, ой-өрисиңизди кеңейтиў ҳәм ҳақыйқый бабаларымыз ҳаққында билимимизди тереңлетиў нызамлы қубылыс болып есапланады.

Әмир Темур Муҳаммед Тарағай Баҳадыр улы жаслығынан мәрт, дәўжүрек, өткир зийрек ақыллы болып өсти.Түрли дүнья илимлерин, әскерий дүзимди ийеледи. Құраникәримди ядтан билди. Ҳәдис илимин үйренди. Ийманлы, ҳадал пәк инсан болып жетисти. Ол жаслығынан баслап өзиниң алдына ана журтын басқыншылардан азат етиў мақсетин қойды, жер жүзинде уллы салтанат қурып еллердиң басын бирлестирди. Мәмлекет құдиретин ҳәр тараўда көклерге көтерип, дүньяға белгили етти.

Әмир Темур Тарағай 1336-жыл 9-апрельде Кеш (Шаҳрисабз) ўәлаятының Хожа Илғар аўылында дүньяға келген. Оның толық аты Әмир Темур ибн Әмир Тарағай ибн Әмир Барқул болған. Оның әкеси әмир Муҳаммед Тарағай барлас урыўының белгили ақсақалларынан болып, баҳадыр жаўынгер болған. Әмир Темурдың жаслығы ҳаққында мағлыўматлар кем ушырассада, айрым мағлыўматларға қарағанда, ол жаслығынан-ақ саўатлы, өз дәўиринде медицина, тарийх ҳ.т.б илимлерди үйренген. Әмир Темур менен сәўбетлесиў бахтына миясар болған уллы араб философы Ибн Халдун Жаҳонгир түрк, араб, парсы халықлары тарийхын диний ҳәм философиялық билимлердиң шийеленискен тәреплеринде жақсы өзлестиргенин атап өтеди. Әмир Темурдың балалық, жас өспиримлик жыллары ҳаққында Низамиддин Шомий, Али Яздыйлардың «Зафарнома»лары, Ибн Арабшоҳтың «Амир Темур тарихи» аты менен белгили болған «Ажойиб ал-мақдур фи-тарихи таймур» (Темур тарийхында тәғдир әжайыбатлары) сыяқлы тарийхый шығармаларында ҳәм басқа дереклерде анық мағлыўматлар берилген. Ибн Арабшаҳ шығармаларының биринши китабында Әмир Темурдың келип шығыўы, өспиримлик жыллары ҳәм дәслепки хызметлерине байланыслы мағлыўматлар берилсе, Низамиддин Шомий, Али Яздыйдың «Зафарнома»сында саҳыпқыранның әўладлары, балалығы ҳаққында базыбир

мағлыўматлар баян етиледи. Сахыпқыран Әмир Темур әжайып пазыйлетлерге ийе екенлиги, еслеў қәбилетиниң өткир, бир сөзли, зор руўхый қүдирет ийеси, келбети келискен инсан сыпатында тәрийпленеди.

Уллы ҳүкимдар, саҳыпқыран бабамыз Әмир Темур үш континент ҳәм жети ықлым мәмлекетлериниң аймақларын өз ишине алған үлкен салтанатты қурыў бахтына миясар болған тулға болып табылады. Дүнья тарийхшыларының басым көпшилигиниң бир аўыздан тән алғанындай, Әмир Темур әжайып әскер басы, талантлы мәмлекетлик ғайраткер болған.

Әмир Темурдың анасы Такина хатун Бухарадан болып, Кеш елиниң абырайлы бийкелеринен болған, атасы Әмир Тарағай болса барлас әўладларының ақсақалларынан ҳәм де Шағатай улысының итибарлы беклеринен есапланған. Оның ата-бабалары Кеш ўәлаятында ҳәкимлик еткен. Тарағай бек пири Шамсуддин Кулолды айрықша ҳүрмет еткен. Кейинги ўақта шайх Кулол Әмир Темурдыңда пири болған. Әкеси Тарағай бек 1360-жылы қайтыс болған.

Әмир Темурдың жаслығы Кеш қаласында өтеди. Жети жасына толғанда атасы оны медресеге оқыўға береди. Әмир Темур жаслығынан-ақ арнаўлы тәрбияшылар қадағалаўында шабандозлық, аўшылық, сарыжайдан нышанаға оқ атыў, басқада түрли шынығыў ҳәм әскерий ойынлар менен бәнт болған. Сол тийкарда Әмир Темур тулпарларды саралап ажырата алатуғын шебер шабандоз ҳәм дәўжүрек баҳадыр болып ержетти. Әмир Темур тәбияттан аўыр минез, терең пикирли, жүдә зийрек инсандағы қәбилет, пазыйлетти шын кеўлинен сезе алатуғын инсан болған. Сол себепли өспиримлик дәўиринен баслап-ақ әтирапына садық досларды жыйнай алған. Оның әтирапына балалықтағы дослары ҳәм мектеплеслери ( Аббос Баҳодир, Жаҳоншоҳбек, Қимори иноқ, Сулоймоншоҳбек, Идики Темур, Сайфуддинбек, Ҳиндушоҳ, Қарқара ҳәм басқалар) топланысып, биргеликте шынығыўлар ислеп, жарысларда қатнасып, әсте-әсте нөкер бөлисип жәнеде әскерий топарға бирлесип. әскерий бөлим болып қәлиплесе баслады. Соң олар Әмир Темур армиясында ләшкербасы дәрежесине шекем көтерилген.

Әмир Темур биринши әскерий хызметин қол астындағы нөкерлери менен айрым ўәлаят әмирлерине хызмет етиўден баслаған; олардың өз-ара гүреслерине қатнасып, мәртлик көрсеткен, саўашларда шыныққан, әскерий шеберлигин асырған. Даңқы пүткил Қашқадәрьяға жайылған.

Әмир Темур сиясат майданына кирип келген ўақытта Мавереннаҳрда монголлар басым болып, Шыңғысхан ҳәм Ботухан басып өткен қала ҳәм аўыллар ўайран болған, суў қурылмалары бузып тасланған болмаса жарамсыз ҳалға келтирилген. Шыңғысхан Мавереннаҳрды өзиниң екинши улы Шағатайханға саўға сыпатында инәм еткен еди. Тарийхтан белгили

бабамыз Әмир Темурдың өмири ҳәм хызметлери еки дәўирде көзге түседи. Биринши дәўири (1360-1385) Мавереннаҳрды монгол ханлығынан азат етип, орайласқан бир мәмлекет дүзиў, өз-ара урысларға тыйым салыў. Екинши дәўири болса (1386-1405) еки жыллық, үш жыллық, бес жыллық, деп аталыўшы басқа мәмлекетлерге жүрислери менен характерленеди.

1360-жыллардан баслап Әмир Темур Мавереннаҳрдағы ишки урысларда қатнаса баслайды ҳәм Монгол ҳүкимдары Туғлиқ Темурхан, оның баласы Ильясхожаға қарсы урыслардан соң, Әмир Хусайн үстинен жеңиске ерискеннен соң, 1370-жылда Мавереннаҳр тахтының ҳақыйқый ийеси болды ҳәм Самарқандты ҳәкимият пайтахты етип белгиледи.

Әмир Темур тахтқа отырған соң, Шағатай улысының барлық еллерине өзин мийрасхор деп билди ҳәм Сырдәрьяның төменги жерлерин Ташкент ўәлаятын, Ферғана, Хорезмди өз ҳүкимдарлығына киргизди.

Нәтийжеде, Мавереннаҳр ҳәм Хорасанда ири орайлық мәмлекет пайда болды. Саҳыпқыран соңғы жылларда Иран, Ирак, Закавказье мәмлекетлери, Ҳиндстан, Алтын Орда ҳәм Түркия менен болған урысларда жеңип шығып, салтанат аймағын шығыста Қытайға шекем, Батыста-Орта жер теңизине, қублада болса Ҳиндстан шегараларына шекем кеңейттирди.

Әмир Темур ең әўели мәмлекетте мәмлекет дүзимин беккемлеў, басқарыўдағы тәртип-интизам нызамшылығын күшейтиў, саўда-сатық, өнерментшиликти кеңейтиўге имканият жаратыў, салықларды тәртипке салыў, мәмлекет қорғаныўын тәмийнлеў жолында армия құдиретин асырыў сыяқлы жумысларға үлкен итибар берди.

Саҳыпқыран мәмлекетти басқарыўда өз дәўириниң ең алдыңғы ҳәм жетилискен усылды жаратқан. Буған ерисиў ушын болса кең көлемли реформаларды әмелге асырған. Реформалар дәслеп Мавереннаҳрда, соң Әмир Темур ийелеген барлық аймақларда нызам үстинлигин тәмийнлеўден басланған. Соны айрықша атап өтиў керек, дүньяның ҳеш мәмлекетинде еле Конституция қабыл етилмеген бир дәўирде саҳыпқыран елинде нызамлар жыйнағы-«Тузиклер» жаратылған болып, оған қатты әмел етилер еди.

Ҳақыйқатында да, нызам үстинлиги тәмийнленгенлиги себепли Орайлық Азия, Месопотомия, Киши Азия, Кавказ, Иран, Аўғанстан, Ҳиндстан ҳәм Қубла Шығыс Европаның үлкен аймағын өз ишине алған ири салтанатты бары-жоғы жети ўәзир биймәлел басқарған. Бул ўәзирлердиң жумыс алып барыў усыллары төмендегилерден ибарат болған.

Биринши ўәзир мәмлекет ҳәм пуқаралар ўәзири есапланып, оның ҳуқықлары әдеўир жоқары болған.Ол мәмлекеттеги әҳмийетли ислер, күнделикли машқала, ишки жумысларды басқарған.

Екинши ўәзир әскерий ўәзир есапланған ҳәм тийкарғы ўазыйпасы бек ҳәм нөкерлерге берилетуғын айлық, саўғалар, әскерлер тәмийнаты менен шуғылланыўдан ибарат болған.

Үшинши ўәзир қайтыс болған ямаса урыслар себеп қашып кеткен адамларға тийисли мал-мүлк, саўдагерлерден жыйнаған дәраматларды аманат тәризинде сақлаған.

Төртинши ўәзир салтанаттың барлық ислерин жүргизиўши-қадағалаўшы ревизор болып, тийкарғы ўазыйпасы мәмлекетке тийисли барлық мәкемелердиң кирис-шығысын есапқа алып барыўдан ибарат болған.

Қалған үш ўәзир шегаралар ҳәм қол астындағы мәмлекетлерге байланыслы қаржы мәселелери менен шуғылланған.

Бурынғы советлик дүзим дәўиринде, пролетар дүньяқарасы ҳүкимлик еткен шәраятда Темур хызметлерине унамсыз мүнәсибетте болған, усы дәўир әдебиятларында ҳәрдайым қараланып келинген. Бирақ тосқынлық, басым өткериўлерге қарамай айырым илимий шығармаларда Темур ҳаққында базыбир туўры пикирлерде билдирилди. Өзбекстанның ғәрезсизликке ерисиўи ески идеология басымынан қутылыў, тарийхымызға туўры мүнәсибетте болыў имканиятын жаратты. Соңғы жылларда Әмир Темур ҳәм оның дәўирин үйрениўге бағышланған бир қатар дереклер, китаплар, әсиресе Бўрибой Аҳмедовтың Әмир Темур ҳаққындағы үлкен роман-хроникасы басып шығарылды. Өзбекстан Президентиниң Пәрманы менен 1996-жыл Әмир Темур жылы деп жәрияланыўы ҳәм бул сәне жәҳән көлеминде белгилениўи Әмир Темур аты ақланып, өзбек халқына пүткиллей қайтқанына дәлил болып табылады.

Өзбекстан мәмлекети ғәрезсизлигиниң қолға киргизилиўи ўатанымыз тарийхын қандай болған болса, солайынша жазыў, тарийхый ҳақыйқатларды айтыў ушын толық имканиятларды жүзеге келтирди.Уллы бабамыздың тарийхый хызметлерине байланыслы болған биринши дереклер өзбек тилинде баспадан шыға баслады.Елимиз ғәрезсизлигиниң дәслепки қәдемлеринде Журтбасшымыз илим-пән, көркем өнер ҳәм әдебият алдыңғылары үлги тәрепинен уллы әскер басы бабамыз Әмир Темурға болған ҳүрмет ҳәм итибар қайта тикленип, әдалатлы руўхый орталық жүзеге келди. Мәмлекетимиздеги жүдә көплеген орынлар: көшелер, қыябанлар, дем алыў бағлары, мектеплер, аўыллар, фермер хожалықлары, әскерий оқыў орынлары ҳәм басқалар Әмир Темур аты менен аталды. Әмир Темурдың ҳүрметине спорт жарыслары ҳәм байрам илажлары өткерилип келинбекте.

## Көргизбе ушын темалар

**Өзбектиң мәрт, батыр улы Әмир Темур**

**Уллы сәркарда Әмир Темурдың 685 жыллығы**

**Әмир Темур-уллы империяның тийкарын салыўшы**
**Әмир Темур- өзбек халқының мақтанышы**
**Буюк давлат арбоби, соҳибқирон Амир Темур (1336-1405)**
**Мен ким, Соҳибқирон-Жаҳонгир Темур**
**9-апрель-Амир Темур таваллуд топган кун**
**Халқимиз даҳосининг буюк тимсоли**
**Амир Темур-машҳур давлат арбоби**

## Китапханаларда Әмир Темурдың 685 жыллығына арналған кеше сценариясы

Кеше өткерилетуғын зал байрам тәризинде гүллер менен безетиледи. Әмир Темурға арнап шығарылған реңли плакатлар, сүўретлер қыстырылып қойылады. Кешеге оқыўшылар, оқытыўшылар, тарийхшы алымлар мирәт етиледи.

Залға проектор экран орнатылып онда Әмир Темурға арналған видеоролик қойылады. Видеролик тамам болғаннан кейин Әмир Темур ҳаққында қосық жаңлайды ҳәм жаңлаған қосық астында сахнаға еки баслаўшы шығып келеди.

**1-Баслаўшы**: Ассалаўма алейкум, ҳүрметли кеше қатнасыўшылары! Бүгинги байрам кешемизде аты әлемге белгили, дүньяның ең уллы инсанларының бири, үлкен талант ийеси, данышпан басшы, шын патриот Әмир Темурдың 685 жыллығын белгилеў мүнәсибети менен жыйналып отырмыз.

**2-Баслаўшы:** Ассалаўма әлейкум, ўатанласлар, әзиз жаслар, кешемиз қатнасыўшылары. Тарийхымыздың нурлы бетлеринде өшпес из қалдырған, қәлбимизде мәңги жасайтуғын уллы тулға, сондай күшли, құдиретли, данышпан бабамыз оның бизге қалдырған бийбаҳа мийраслары ҳаққында қанша айтсақта аз.

**1-Баслаўшы:** Әмир Темур Тарағай 1336-жыл 9-апрельде Кеш (Шаҳрисабз) ўәлаятының Хожа Илғар аўылында дүньяға келген. Оның толық аты Әмир Темур ибн Әмир Тарағай ибн Әмир Баркул болған.

**2-Баслаўшы:** Әмир Темур ең әўели мәмлекетте мәмлекет дүзимин беккемлеў, басқарыўдағы тәртип-интизам нызамшылығын күшейтиў, саўда-сатық, өнерментшиликти кеңейтиўге имканият жаратыў, салықларды тәртипке салыў, мәмлекет қорғаныўын тәмийнлеў жолында армия құдиретин асырыў сыяқлы жумысларға үлкен итибар берди.

**1-Баслаўшы:** Абдулла Ариповтың «Соҳипқирон» қосығы.

(Қосық питкеннен соң сахнада саҳыпқыран Әмир Темур образы пайда болады. Образда сол дәўирге тән кийиниўи лазым).

Саҳыпқыран образы: Мәмлекет ислериниң тоғыз үлеси кеңес, илаж, мәслаҳат, қалған бир үлесин болса қылыш пенен жүзеге асырдым. Кеңес еки түрли болады.Бири тил ушында айтылғаны, екиншиси-жүректен шыққаны. Тил ушында айтылғанын көзабаға еситтим. Жүректен айтылған мәсләҳәтти қәлбимниң қулағына қуйып, көңлиме жәмледим.
**2-Баслаўшы:**Әмир Темур аўыр машақатлардың бәрине шыдам берип, пирлери ҳәм устазлары нәсияты себеп, ҳәрқыйлы минезлерге ийе болған әмирлердиң басларын бирлестирип, уллы ҳәм қүдиретли Темурийлер мәмлекетин дүзди. Мәмлекет басқарыўындағы дипломатиялық байланыслар, елшилерди қабыл етиў ислерин нәтийжели жолға қойды.
(Усы жерде киши сахна көриниси көрсетиледи)
Саҳыпқыранның қабыллаўына қолын көксине қойып, тәжим етип дийўанбеги киреди
**Дийўанбеги:** Уллы мәртебелим! Испания елшиси келип тур, қабыллаўыңызға кириў ушын рухсат сорайды.
**Әмир Темур:** Кирсин. (Елши киреди ҳәм тәжим етип ҳүрметин орнына қояды)
**Әмир Темур:** Клавихо, бизиң ески қәдирданымыз, улым қиролдың аўҳалы қандай? Оған жақсылықлар тилеймен.
**Клавихо:** Қиролимда сизге мудамы ден саўлық тилейди. Оның сыйлығы кәрўан менен жетип келеди. Байрам мүбәрек, уллы ҳәзирет.
**Әмир Темур:** Қуллық, қуллық.
**Клавихо:** Уллы ҳәзирет, бул дәптерде Испан елиниң қалалары, гөззал орынлары сүўретленген.
**Әмир Темур:** Бул қымбат саўға ушын саған рахмет! Жылдам Клавихоға ҳүрметлер көрсетилсин, әжайып сарпайлар кийгизиң.
**Дийўанбеги:** Байрам қутлықлаўы ушын андижанлылар мамық пахтадан бир минара жасапты.
**Әмир Темур:** Мен халқымның өнери менен мақтанаман, олардың кеўли әне усы пахтадай ақ. Ҳасла олардан сыйлықларды аямаң.
**Дийўанбеги:** Орисияттан келген ўәкиллер нәўбет күтпекте!
**Орыс елшиси:** Байрам мүбәрек, ҳәзирети Темур! Тоянамызды қабыл етиң. Алтын көзли алтын қаршыға ҳәм норка жүнинен тигилген тон алып келдик.
**Әмир Темур:**Қаршыға ушын рахметимди айтаман, жеңимпаз Туран бүркити менен дос болсын. Орыслардың желкесине зерден тон жабың.
Кимдур маған келип қосылса, қәдирленеди,
Кимдур мениң менен гүреспекши болса, жығылады.
Әмир Темур образы сахнадан кетеди.

(Буннан кейин бир-неше оқыўшылар шығып Әмир Темурдың ерликлери ҳаққында айтса да болады)

**Баслаўшы:** (Кеше ақырында мийманларға сөз бериледи)

Әзиз мийманлар! Мине, уллы әскербасы Әмир Темур бабамыз туўылған күнине арналған кешемиз өз жуўмағына жетти. Итибарыңыз ушын рахмет. Кеше тарийхый темаға арналған қосық пенен жуўмақланады.

## Әдебиятлардың усыныў дизими


Темурнома: Амир Темур кўрган жангномаси. Т.: Чўлпон, 1991.-352б.

Темур тарихида тақдир ажойиботлари. Т.: Меҳнат, 1992.-192б.

Мўминов И. Амир Темурнинг ўрта Осиё тарихида тутган ўрни ва роли. Т.: Фан, 1993.-56б.

Иванин М. Икки буюк саркарда: Чингизхон ва Амир Темур. Т.: Фан, 1994.-352б.

Муҳаммаджонов А. Темур ва Темурийлар салтанати. Т.: Қомуслар Бош таҳририяти, 1994.-160б.

Ҳаким Сатторий. Амир Темур севган юрт. Т.: Ўзбекистон, 1996.-128б.

Амир Темур ва Темурийлар даврида маданият ва санъат. Т.: Ғ.Ғулом номидаги Адабиёт ва санъат нашр, 1996.-88б.

Ака Исмоил. Буюк Темур давлати Т.: Чўлпон, 1996.-152б.

Қаюмов А. Амир Темур қиссалари. Т.: Ёзувчи, 1996.-32б.

«Амир Темур ва унинг жаҳон тарихидаги ўрни» мавзусидаги халқаро конференция тезислари. Т.: Ўзбекистон, 1996.-128б.

Амир Темур-фахримиз, ғуруримиз. Т.: Ўзбекистон, 1998.-208б.

Қадимги Кеш-Шаҳрисабз тарихидан лавҳалар. Т.: Шарқ, 1998.-208б.

Ғойибов Н. Амир Темур даври маънавияти. Т.: Ғ.Ғулом номидаги Адабиёт ва санъат нашр, 2001.-48б.

Аҳмедов Б. Амир Темур дарслари Т.: Шарқ, 2001.-144б.

Зиёев Ҳ. Буюк Амир Темур салтанати ва унинг тақдири. Т.: Маънавият, 2008.-136б.

Бозорова.Х. «Темурнома» да соҳибқирон талқини: Амир Темур таваллудининг 673 йиллиги // Маърифат.-2009.-8-апрель

Бўтаев, Ф. Тарихга ҳурмат, келажакка ишонч: 9-апрель Амир Темур таваллуд топган кун // Халқ сўзи.-2009.-8-апрель

Алимов, Ў. Соҳибқирон Амир Темур ҳақида ҳақиқатлар // Маърифат.-2010. -13-январь

Алимов,Ў. Соҳибқироннинг ҳаётий принциплари: 9-апрель Амир Темурнинг таваллуд топган кун // Маърифат.-2010.-7-апрель

Бекмурзаев,Н. Хосра мақбул, омма тушунгудек сўз соҳиби: 9-апрель Амир Темур таваллуд топган кун // Маърифат.-2010.-7-апрель

Әлеўов Ө. Әмир Темурдың жәмийетлик-философиялық көз қараслары: 9-апрель-Уллы сақыпқыран Әмир Темурдың туўылған күни //Еркин Қарақалпақстан.-2010.-8 апрель

Мамутов Б. Темур тузиклери: Әмир Темурдың туўылғанына 675 жыл //Еркин Қарақалпақстан.-2011.-9 апрель

Алимов У. Амир Темур давлатининг герби //Маърифат.-2012.-7 апрел

Бўриев О. Халқимиз даҳосининг тимсоли 9-апрел-Амир Темур таваллуд топган кун //Халқ сўзи.-2012.-7 апрел

Жаңабаев Ж. Жәҳәнге белгили ҳүкимдар: Әмир Темурдың туўылған күнине 676 жыл //Еркин Қарақалпақстан.-2012.-7 апрель

Жонихонов М. Улуғ Соҳибқиронга эҳтиром //Халқ сўзи.-2012.-10 апрел

Усманова Н. Сақыпқыранға ҳүрмет: 9-апрель Әмир Темурдың туўылған күни //Еркин Қарақалпақстан.-2012.-10 апрель

Тўлқин Ҳайт. Болаларни севган бобомиз: 9-апрель Амир Темур тўғилган кун // Ғунча.-2013.-№4

Миразиз Аъзам. Амир Темур бобомиз, Улуғбек // Гулхан.-2014.-№12

Даврон,Х. Соҳибқироннинг боҳий меъроси; 9-апрель Амир Темур таваллуд топган кун // Маърифат.-2015.-8-апрель

Уллы сәркарда, мәмлекетлик искер Әмир Темурдың туўылғанына 679 жыл // Жеткиншек.-2015.-9-апрель

Аманжолова,Н. Сақыпқыран бабамыздың бийбаҳа мийнетлери // Устаз жолы.-2018.-7-апрель

Тўлқин Ҳайт. Амир Темур китобни севар еди. // Тонг юлдузи.-2018.-9-апрель

Абдушукуров,Б. Соҳибқирон саркардалари //Маърифат.-2021.-27-январь

## Пайдаланған әдебиятлар:

Әмир Темурдың бийликлери.
-Нөкис: Қарақалпақстан.-1996.-212 б
Коллектив.
Әмир Темур Қубла Арал бойларында (Мақалалар жыйнағы).-Нөкис: Қарақалпақстан.-1997.-40б
Камалов, С. ҳ.т.б
Қарақалпақстан тарийхы бойынша гүрриңлер. (5-класс ушын сабақлық).-Нөкис:Қарақалпақстан.-2002.-52б
Интернеттен Arboblar.uz Kitob.uz сайтынан

**Хабарлаў-библиография ҳәм**
**үлкетаныў бөлими баслығы: А.Нурыллаева**